Nókis transport kolledji 1965-jılı qurılǵan bolıp, Nókis avtomobil-jol texnikumi bazasında 2002-jılı rekonstruktsiya esabınan Ózbekistan Respublikası joqarı hám orta arnawlı kásip-óner bilimlendiriw ministrligi, orta arnawlı kásip-óner bilimlendiriw orayınıń 2002-jıl 30-oktyabr 327 sanlı buyrıǵı, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, orta arnawlı kásip-óner bilimlendiriw basqarmasınıń 2002-jıl 5-dekabrdegi 282 sanlı buyrıǵı menen Nókis transport kásip-óner kolledji shólkemlestirildi.

Ózbekistan Respublikası joqarı hám orta arnawlı kásip-óner bilimlendiriw ministrligi, orta arnawlı kásip-óner bilimlendiriw orayınıń 2011-jıl 23-iyundaǵı "Kásip-óner kolledjlerin qayta qániygelestiriw" xaqqındaǵı 156 sanlı buyrıǵı hám Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, orta arnawlı kásip-óner bilimlendiriw basqarmasınıń 2011-jıl 2-iyuldagı 147 sanlı buyrıǵı menen Nókis avtomobil-jol xojalıǵı hám xızmet kórsetiw kásip-óner kolledji dep qayta ataldı.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 6-sentyabrdegi "Professional bilimlendiriw sistemasın jánede jetilistiriwge qaratılǵan qosımsha is-ilajlar haqkında"ǵı PF 5812 sanlı pármanı tiykarında Ózbekstan Respublikası Transport Ministrligi janındaǵı Nókis transport kolledji bolıp shólkemlestirildi.

**Nókis transport kolledji 2021/2022 -oqıw jılı tómendegi qánigelikler boyınsha shártnama tiykarında ku'ndizgi hám sırtqı oqıw bólimlerine oqıwshılardı qabıl etiwdi daǵazalaydı.**

**4.82.01.04 «Tasıwdı shólkemlestiriw hám transporttı basqarıw texnigi»**

- Avtomobillerde jolawshı hám ju'k tasıwdı shólkemlestiriw texnigi
- Avtomobil transportı dispetcheri
- Avtojámlenbe texnigi
- Logistika texnik-operatorı
- "V" yamasa "VS" taypalı avtomobil basqarıwshısı (ku'ndizgi bólim ushın)

**3.51.05.01 «Avtomobillerdi ońlaw slesar»**

- Avtomobillerdi ońlaw slesar
- "V" yamasa "VS" taypalı avtomobil basqarıwshısı (ku'ndizgi bólim ushın)






**3.51.05.09 «Avtomobil elektr u'skenelerine xızmet kórsetiw slesarı»**

- Avtomobil elektr u'skenelerine xızmet kórsetiw slesarı
- "V" yamasa "VS" taypalı avtomobil basqarıwshısı (ku'ndizgi bólim ushın)



**4.54.06.01 «Avtomobil jolları hám aerodromlar qurılısı ustası »**

- Avtomobil jolların qurıw, olardan paydalanıw hám ońlaw ustası
- Aerodromlardı qurıw, olardan paydalanıw hám ońlaw ustası



**4.51.05.02 «Jol qurılıs hám kóterme transport mashina hám u'skenelerin paydalanıw (trarawları boyınsha)»**

- Jol qurılıs hám kóterme-transport mashina hám u'skenelerin paydalanıw (tarawları boyınsha) texnigi.
- Jol qurılıs hám kóterme-transport mashina hám u'skenelerin paydalanıw (tarawları boyınsha) mexanigi.
- "V" yamasa "VS" taypalı avtomobil basqarıwshısı (ku'ndizgi bólim ushın)






**Kolledjde oqıwshılarǵa bilim beriw ushın bárshe sharayatlar jaratılǵan:**

**Avtomobil du'zilisi páni xanası** | **Avtomobillerge texnik xızmet kórsetiw páni xanası**




**Jol háreketi qádeleri hám háreket qáwipsizligi páni xanası**




**Jol háreketi qádeleri hám háreket qáwipsizligi páni xanası** | **Sport zalı**




**Kompyuter xanası** | **Málimleme resurs orayı**




***Kolledj másláhát orayına talabanlar tómendegi hu'jjetlerdi tapsıradı***

1. Direktordıń atına arza
2. 11-klasstı pitkergenigi haqqında attestat yamasa akademiyalıq litsey, kásip-óner kolledjlerin pitkergenler ushın diplom tu'p nusqası.
3. 3x4 sm kólemindegi 6 dana su'wreti.
4. Pasport nusqası.

***Biziń mákan jayımız:***

Nókis qalası Mukumiy kóshesi 22 jay.
Tel (222-88-58, 222-86-01)
Qol telefonları (93-487-17-32, 93-366-02-20, 93 487-25-70)

***Ózbekstan Respublikası Transport ministrligi***




# *Nókis transport kolledji*

# *OQIWǴA MİRAT ETEDİ*

***Nókis 2021 j***